

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SOCIAL STUDIES—GRADE 8
DOCUMENT-BASED QUESTION (DBQ)
BOOKLET 2

NIVO ENTÈMEDYÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

1–2 JEN 2005

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lèkol ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan premye liv la; Twazyèm Pati a nan tiliv sa a.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv pou ekri repons ki apa a, depi premye paj nan tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn **tout** kesyon ki nan Dezyèm Liv la, epi ekri redaksyon w lan.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Copyright 2005

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT

ALBANY, NEW YORK 12234

Repons pou kesyon redaksyon an sipoze ekri nan livrè pou redaksyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati III a, fòk ou panse a definisyon jeneral sa a:

diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Li fèt pou li teste abilité ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revise pou kesyon an menm. Pandan w'ap analize dokiman yo, panse a kote chak dokiman soti ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Batay pou dwa egal pou Ameriken Nwa yo te long ak difisil. Depi kòmansman li nan ane 1950 yo, batay pou egalite a vin genyen plis enèji. Yo rele batay pou egalite sa a mouvman modèn pou dwa sivil.

Tach:

Ak itilizasyon enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans syans sosyal ou, reponn kesyon apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B an kote y'ap mande ou

- Diskite jan yo t'ap refize Ameriken Nwa dwa egal
- Diskite metòd moun, gwoup, **ak/oubyen** gouvènman an t'ap itilize depi 1950 pou fèfas ak inegalite Ameriken Nwa yo t'ap konfwonte

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Direksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1a

... Nou [Kou Siprèm nan] gade kesyon ki prezante an: Eske segregasyon timoun nan lekòl piblik yo ki baze sèlman sou ras, menm si ekipman fizik yo ak lòt faktè tanjib [reyèl] yo ka egal, retire opòtinite edikasyon egal nan men timoun nan gwoup minorite a? Nou panse li fè sa. . . .

Sous: *Brown v. Board of Education of Topeka*, 1954

1a Selon dokiman sa a, ki inegalite Ameriken Nwa yo te viv? [1]

Score

Dokiman 1b

... Nou [Kou Siprèm nan] deside, nan domèn edikasyon piblik la, doktrin “separe men egal” la pa gen plas. Etablisman pou edikasyon ki separe pa egal [pa nati]. Alò, nou deklare moun ki te vin pote plent yo [fanmi Brown] ak lòt ki nan menm sitiyasyon kote aksyon sa yo ap fèt yo, pou rezon yo plenyen pou segregasyon, pa gen pwoteksyon egal anba lwa ki garanti nan Katòzyèm Amanman an. Dispozisyon sa a rann nenpòt diskisyon initil sou si yon segregasyon konsa vyole Klòz Pwosesis Katòzyèm Amannman an tou. . . .

Sous: *Brown v. Board of Education of Topeka*, 1954

b Selon dokiman sa a, sa ki te desizyon Kou Siprèm nan nan ka *Brown v. Board of Education of Topeka*? [1]

Score

Dokiman 2

Bòykòt bis Montgomery an te kòmanse lè Rosa Parks te refize bay yon mesye blan chèz li te chita sou li a. Y'ap pran anprent dwèt Madan Parks nan katye jeneral polis la.



Sous: *New York World-Telegram and Sun*, Library of Congress

2a Selon dokiman sa a, ki sa Rosa Parks te refize fè ki te fè yo arete li? [1]

Score

b Selon dokiman sa a, ki metòd yo te itilize nan Montgomery, Alabama, pou fèfas ak inegalite Ameriken Nwa t'ap konfwonte? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Sòti nan rejyon Greensboro a, fòk te genyen moun ki sòti nan sis oubyen sèt inivèsite ki te vle patisipe, ki te vle ede sitin, ki te vle ede fè pikèt [patisipe nan yon demonstrasyon piblik]. Nou menm te rive nan pwen kote nou te gen moun ki t'ap chanje pòs. Li te rive nan yon pwen kote nou pran tout plas nan restoran yo. Nou te gen moun la nan maten depi lè pòt yo te louvri pou yo te pran tout plas nan restoran an oubyen sou kontwa yo. . . .

Sous: Franklin McCain interview, *My Soul is Rested : Movement Days in the Deep South Remembered*, Howell Raines, ed., G.P. Putnam's Sons, 1977

- 3 Selon dokiman sa, idantifye **yon sèl** metòd pwotestasyon ki te itilize pou vin genyen egalite. [1]

Score

Dokiman 4

Foto sa a montre kèk moun nan 250,000 Ameriken yo ki te rasanble pou Mache sou Wachinnton nan Out 1963.



Sous: Library of Congress

- 4 Selon foto sa a, bay **de** objektif Mache sou Wachinnton nan te genyen nan Out 1963 a. [2]


(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 5



Sous: Paul S. Boyer et al., *The Enduring Vision: A History of the American People*, D.C. Heath and Co., 1996
(adapte)

5a Ki tandans prensipal anrejistremán elektè Ameriken Nwa kat sa a montre? [1]

Score

b Identife **de** aksyon gouvènman federal la pran ki ede pou eksplike tandans kat la montre. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

. . . Men pi lwen ke sa, *nou envite yo* [Ameriken Nwa yo] *pou aksepte Lanmou Kreyen ak tout konesans pouwwa li genyen pou defye malveyans.* Nou envite yo konprann ke *nonvyolans pa yon senbòl feblès oubyen kapon*, men menm jan Jezi te demonstre a, *rezistans nonvyolans transfòme* [chanje] *feblès an fòs e li mitipliye kouraj anfas danje.* Nou ankouraje yo, nenpòt ki gwochè pwovokasyon [ensilt] an pou yo dedye tèt yo a slogan sa a:

“Pa yon sèl cheve nan yon sèl tèt yon sèl moun blan ap sòti.”


Nou sipòte non vyolans nan mo, panse ak aksyon, nou kwè ke espri sa sèl ka simonte deseni angwas ak sisipsyon ki anwayi ak anpwazonnen kilti nan Sid nou an. . .

Sous: Southern Negro Leaders Conference on Transportation and Nonviolent Integration,
“A Statement to the South and Nation,” January 11, 1957, Atlanta, Ga.

- 6 Selon dokiman sa a, ki metòd yo te rekòmande pou ede Ameriken Nwa yo atenn egalite? [1]
-
-

Score

Dokiman 7



Sous: David Horsey, *The Seattle Post Intelligencer*, 1992

- 7 Selon desinatè a, Ameriken Nwa fè pwogrè nan egalite rasyal. Nan ki domèn dwa egal Ameriken Nwa yo genyen pwoblèm toujou? [1]
-
-

Score

Pati B

Redaksyon

Direksyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat* dokiman nan redaksyon ou an. Sipòte repons ou an ak reyalite, ekzanz, ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon siplemantè eksteryè.

Kontèks Istorik:

Batay pou dwa egal pou Ameriken Nwa yo te long ak difisil. Depi kòmansman li nan ane 1950 yo, batay pou egalite a vin genyen plis enèji. Yo rele batay pou egalite sa a mouvman modèn pou dwa sivil.

Tach:

Ak itilizasyon enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans syans sosyal ou, ekri yon redaksyon kote w'ap

- Diskite jan yo t'ap refize Ameriken Nwa dwa egal
- Diskite metòd moun, gwoup, ***ak/oubyen*** gouvènman an t'ap itilize depi 1950 pou fèfas ak inegalite Ameriken Nwa yo t'ap konfwonte

Direktiv:

Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè tach la
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* dokiman
- Mete enfòmasyon enpòtan ki eksteryè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanz, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan

Part I Score	
Part II Score	
Part III A Score	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score	
Final Score (obtained from conversion chart) scaled 1-100	